



Pou Piblikasyon Imedya: 11/12/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MIZAJOU NAN KRITÈ ZÒN YO, DIREKTIV POU LOPITAL YO AK DIREKTIV POU BIZNIS YO

Yo ap adapte nouvo kritè yo avèk plis atansyon pou pwoteje kapasite lopital yo

Yo òdone lopital yo pou yo pran mezi anplis pou ede kenbe pousantaj kapasite yo anba 85 pousan

Yo ap fèmen sèvis manje andedan yo nan Vil New York lendi; desizyon sou restriksyon anplis nan sèvis manje andedan yo nan tout rès Eta a pral vini

Yo otorize swen pèsònèl ak salon yo rete ouvè avèk tès anplis nan Zòn Jòn Abriko yo

Sant jimnastik yo gendwa opere avèk kapasite redwi nan Zòn Jòn Abriko yo

Chanjman nan direktiv sant jimnastik ak salon yo ap antre an vigè lendi 14 desanm

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nouvo kritè yo pral itilize pou detèmine zòn entèvansyon mikwo-gwoupman yo pou ede kontwole pwopagasyon COVID-19 la ak pou pwoteje kapasite lopital yo. Anplis de sa, Gouvènè a te anonse tou nouvo direktiv pou devlope plis kapasite lopital, ansanm ak mizajou nan ajisteman enstriksyon pou biznis yo baze sou direktiv Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) yo, konsèy ekspè sante piblik yo, ak done ki soti nan pwogram Eta a pou retrase kontak yo. Anba enstriksyon pou biznis ke yo adapte yo, yo pral sispann sèvis manje andedan yo nan Vil New York lendi 14 desanm, epi yo pral otorize sant jimnastik ak salon yo rete ouvè avèk restriksyon nan Zòn Jòn Abriko yo.

"Nou te etabli règleman ki fè sans pou tout moun, epi fondamantalman tout sa se bon sans. Nou te investi anpil nan fè tès COVID yo, epi nou fè plis tès pase nenpòt Eta nan nasyon an. Sa ba nou done reyèl ke nou kapab baze aksyon nou yo sou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sa se pa syans wo nivo nou ap aplike isit la—sa yo se règleman bon sans. Kote viris la pi wo yo, nou oblije pran mezi. Nou ap chanje règleman yo pou lopital yo nan Eta a. Nou te anonse ke tout lopital yo dwe fè yon ogmantasyon 25 pousan nan pèsònèl pou kabann lopital yo. Lopital yo dwe rete anba 85 pousan, oswa nan ajoute 25 pousan kabann, nan redwi oswa nan elimine operasyon ochwa yo, oswa toude. Nou ap adapte tou nivo risk aktivite ekonomik lan pou asire nou ap respekte

sante piblik la, pandan nou ap limite pètibasyon ekonomik yo nan mezi sa posib. Pandemi sa a egzije nou rete abil depi kòmansman an menm epi nou pral kontinye swiv done yo pou nou pran desizyon ki entèlijan, ki byen enfòmè."

Mizajou nan Kritè Zòn yo

Pandan ke New York ap fè fas ak pandemi COVID-19 la, Gouvènè a ak Depatman Sante (Dept. of Health, DOH) NYS la te fè sa yon priyorite pou yo kontinye adapte kritè ki reglemante restriksyon pou pwoteje sante piblik la, san yo pa lakòz domaj ki pa nesesè nan ekonomi an. Mizajou nan kritè ke yo devwale jodi a ak pandan semèn pase a kontinye konsantre sou limite pwopagasyon viris la nan kominote yo ki gen pousantaj kwasans ka ak pasyan ki ap entènè ki pi wo, ak sou faktè nan kapasite lopital yo nan yon rejyon.

Anba mizajou nan kritè sa yo, yo pral detèmine zòn mikwo-gwoupman yo kounye a jan sa repati anba a:

ZÒN WOUJ

Yo pral egzikite yon nouvo zòn wouj nan yon rejyon kote kapasite lopital yo twouve li nan 21 jou pou li atenn 90 pousan, menm apre anilasyon pwosedi ochwa ak yon ogmantasyon 50 pousan nan kapasite kabann nan lopital yo nan rejyon an.

ZÒN JÒN ABRIKO

Yon zòn jewografik pral kalifye pou li antre nan yon Zòn Jòn Abriko si li genyen 4 pousan pousantaj pozitivite (mwayèn 7 jou) pandan 10 dènye jou yo epi li twouve li nan yon rejyon ki genyen 85 pousan kapasite lopital. Atènativman, yon zòn jewografik gendwa vini tou yon Zòn Jòn Abriko si Depatman Sante Eta a detèmine pousantaj pasyan ki ap entènè nan zòn lan oswa nan rejyon an wo nan yon fason ki inakseptab epi si yon dezinyasyon zòn apwopriye pou kontwole pousantaj kwasans lan.

ZÒN JÒN

Yon zòn jewografik pral kalifye pou li antre nan yon Zòn Jòn si li genyen 3 pousan pousantaj pozitivite (mwayèn 7 jou) pandan 10 jou pase yo epi li nan 10 prensipal pousantaj yo nan Eta a pou pasyan ki ap entènè lopital pa tèt dabitant pandan semèn pase a epi li ap eksperimante kwasans semèn apre semèn nan pasyan ki ap entènè chak jou yo.

Mizajou nan Direktiv Lopital yo

Pi bonè semèn sa a, Gouvènè a [te òdone](#) Depatman Sante Eta a po li kòmanse pwotokòl "ogmantasyon ak fleksibilite" (surgen and flex) la epi yo te inisyè yon kantite mezi nan kad efò sa a. Espesyalman, yo te òdone tout lopital yo pou yo kòmanse etann kapasite kabann lopital yo a nan 25 pousan pou prepare lopital yo pi plis pou yon ogmantasyon COVID-19 alavni. Anplis de sa, Gouvènè te lanse yon apèl bay tout doktè

ak enfimyè ki retirete yo kote li ankouraje yo retounen nan sèvis si yo kapab fè sa epi li te [raple](#) lopital yo sou egzijans pou yo rapòte done yo epi pou asire yo kenbe yon estòk ekipman pwoteksyon pèsònèl pandan 90 jou.

Jodi a, Depatman Sante NYS la pibliye yon direktiv pou lopital yo pran mezi pou rete anba 85 pousan kapasite yo oswa nan ajoute 25 pousan kapasite anplis, nan elimine operasyon ki ochwa yo, oswa nan pran yon konbinezon toude mezi yo.

Mizajou nan Restriksyon pou Biznis yo

Konsèy pou manje alenteryè nan Vil New York

Apati lendi 14 desanm, yo pral sispans sèvis manje andedan yo nan Vil New York. Mezi sa a vini apre Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi te fè mizajou nan enstriksyon li a pou li di *'Ekspozisyon nan anviwònman andedan yo ak anviwònman deyò ki gen anpil moun yo poze yon risk yo ka prevni pout tout patisipan yo. Yo te idantifye espas andedan yo, kote yo pa ka mentni distans yo epi kote itilizasyon mask pou figi pa posib (pa egzanp manje nan restoran) kòm senaryo ki patikilyèman gen gwo risk'* epi Vil New York kontinye obsève pozitivite anplis, ka pa tèt abitan yo, pasyan ki ap entène chak jou yo, ak total pasyan ki ap entène yo. Yo pral kontinye re-evalye sispansyon sa a pral baze sou mizajou nan done yo pandan semèn ki ap vini yo, epi pou bay sipò anplis pou endistri a pandan moman difisil sa yo, Gouvènè a ap etann moratwa Eta a sou eviksyon komèsyal yo epi li ap renouvle apèl li a bay Kongrè a pou li ajoute sipò pou ba yo ak restoran yo nan pwochen pake pou plan relans lan.

Mizajou nan Règleman pou Sant Jimnastik ak Salon yo

Sant jimnastik yo ak sèvis swen pèsònèl yo orijinalman se anviwònman ki te gen pi gwo risk pou transmisyon viris la, men dènye done Eta a yo montre ke pousantaj pwopagasyon an te diminye nan biznis yo ki ap opere an akò avèk direktiv An Avan New York (New York Forward) Depatman Sante a. Pou swiv prensip pou ajistman yo ak ekilibre mezi sante piblik Eta a yo avèk enpak ekonomik yo, biznis sa yo ki nan zòn jòn abriko yo gendwa opere avèk restriksyon anplis pou sèvis yo, apati lendi 14 desanm. Espesyalman, yo pral otorize sant jimnastik yo ak sant fitnès yo -- ki fèmen aktyèlman nan zòn jòn abriko yo -- opere nan 25 pousan kapasite a, ke yo redwi soti nan 33 pousan. Yo pral otorize sèvis swen pèsònèl yo -- pa egzanp, salon yo ak salon kwafè yo ki fèmen tou aktyèlman nan zòn jòn abriko yo -- bay sèvis toutotan anplwaye ki ap bay sèvis yo fè tès pou COVID-19 chak semèn, epi yo genyen yon rezilta tès ki negatif avan yo ouvri.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)